профессорлық-педагогикалық жумысында қолланылыў дәрежесиниң қалайынша баҳаланыўы кереклигиниң (баҳалаўдың критерийиниң) де жеткиликли дәрежеде изертленбегенлигин атап өтиўге болады.

Усыған байланыслы, талабаларды қәсипке таярлаў барысында олардың көркемлик дүньяқарасын раўажландырыў зәрүрлиги ҳәм атап өтилген мәселе бойынша толық ҳәм ең баслысы тәртиплестирилип дүзилген қолланбаның жоқлығы себепли келип шығатуғын қарама-қарсылық пайда болады.

Сонлықтан бул кемшиликтиң себеплери төмендегилер болып табылады:

- Ҳәзирги заман жәмийетинде қәлиплескен көркемлик дүньяқарасқа ийе, оқыўшылардың эстетикалық тәрбиясын нәтийжели әмелге асыра алатуғын оқытыўшыға (муғаллимге) болған талаптың бар екенлиги.
- Илимий әдебиятлардың ҳәм оларда болажақ оқытыўшыларды (муғаллимлерди) кәсиплик хызметке таярлаўға байланыслы ҳәр қыйлы теориялардың оғада көплиги ҳәм соның менен бирге талабалардың көркемлик дүньяқарасын мақсетли ҳәм комплексли раўажландырыў процесиниң илимий-методикалық жақтан жеткиликсиз тәмийинленгенлиги.
- Талабалардың көркемлик дүньяқарасын раўажландырыўда сүўретлеў өнери усылларының бар мүмкиншиликлери ҳәм ең баслысы болажақ қәнигелерди кәсипке таярлаў барысында толық пайдаланыў мүмкиншилиги.

Айтылғанларды есапқа ала отырып, педагогикалық жоқары оқыў орынлары талабаларында көркемлик дүньяқарасты раўажландырыўдың мазмуны, дүзилиси, психологиялық-педагогикалық тийкарларын комплексли изертлеў өткериў зәрүр.

Сонлықтан, талабалардың көркемлик дүньяқарасын раўажландырыўды табыслы күшейтиў ушын төмендегилерди әмелге асырыў керек:

- Қабыл етиў ҳәм түсиниў себебиниң пайда болыўына тәсир ете алатуғын, ҳақыйқый, терең миллий тийкарларға жуўап беретуғын живопись, мүсиншилик ҳәм графикалық шығармалардан пайдаланыў;
- Сүўретлеў өнери шығармаларын өзлестириўге тиккелей тәсир етиўши сыртқы ҳәм ишки рецептли қолланбалардың жаратылыўы ҳәм раўажландырылыўы;
- Ақырында, көркем образды жеке адамның психологиялық қәсийетлерин түсиниўдиң тийкарғы усылы сыпатында қабыл етиў.

Унамлы (қанаатланарлы) нәтийжелерге ерисиў ушын төмендегилер зәрүр:

- Изертленип атырған мәселе бойынша барлық әдебиятларды (философиялық, психологиялық-педагогикалық, искусство таныў бойынша) таллап (анализлеп) шығыў.
- "Көркемлик дүньяқарас" түсинигиниң мәнисин, мазмунын ҳәм оның қурамына кириўши бөлимлерин (структуралық компонентлерин) анықлаў ҳәм ең баслысы оның педагогикалық жоқары оқыў орынлары талабаларында раўажланыўының психологиялық-педагогикалық тийкарларын ислеп шығыў.

Бизиң заманымыз - мағлыўматлар технологиясы заманы өзиниң күш жигерин жәмийеттиң ийгилигине жумсайтуғын, дөретиўши, стандартларға бойсынбай ойлайтуғын адамларды талап етеди. Сонлықтан, ҳәзирги заман билимлендириўиниң тийкарғы ўазыйпасы - дөретиўши, ғәрезсиз, мәселелерди өз күши менен шеше алатуғын, еркин адамларды тәрбиялаў болып табылады, себеби усы дөретиўши адамлар адамзаттың прогресин белгилеп береди.

**Әдебиятлар**


1. Волков Н. Процесс изобразительного творчества и проблемы обратных связей. // Психология художественного творчества: Хрестоматия. -Минск: Харвест, 1999.
2. Раппопорт С.Х. От художника к зрителю. Как построено и как функционирует произведение искусства. - М.: «Просвещение», 1978.
3. Шапинская Е.Н., Иванов С.А., Киященко Н.И. Образование и искусство в формировании целостной личности. – М.: Школа Вуз-Академия, 2002.



**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақола ҳозирги давр таълим мазмуни ва унинг мақсадини тўла акс эттиради. Ўқувчиларни ўкитиш жараёнида фаоллаштириш ҳозирги замон педагогика илми ва иш тажрибасининг энг муҳим масалалари қаторига киради. Ўқитишни ташаббускорлик асосида амалга ошириш муҳим аҳамиятга эга, чунки ўкитиш ва ривожлантириш ҳаракатчанлик сифатига эга бўлиб, у ўқитувчиларнинг укитиш сифатига боғлиқ. Таъкидлаш лозимки, ушбу сифатлар ахлоқий, экологик, ватанпарварлик ва тарбиянинг бошқада ажралиб турадиган турларининг мустаҳкам асосини яратади.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается современному содержанию и роли образовательного процесса, так как в современном обществе возросло внимание к проблеме формирования всесторонне развитой, духовно богатой и креативной личности. Личность человека, его духовный и моральный облик формируются, прежде всего, в процессе воспитания. Не последнюю роль здесь играет эстетическое воспитание, способствующее активизации развития мировоззрения, интеллектуальных и творческих потенций личности. Поэтому процесс образования необходимо основывать на создании условий для воспитания творческой личности, готовой к диалогу, сотрудничеству и сотворчеству в различных сферах жизни.

**SUMMARY**

The article is devoted to the modern content and role of educational process, because modern society has increased attention to the problem of formation of a fully developed, spiritually rich and creative personality. Human personality and his spiritual and moral character are formed primarily in the process of education. Aesthetic education plays here a great role contributing to enhance the development of philosophy, intellectual and creative potential of the individual. Therefore, the process of education should be based on creating conditions for education of creative personality, ready for a dialogue, collaboration and co-creation in various spheres of life.


## ҚАРАҚАЛПАҚ ШАҢАРАҚЛАРЫНДА НЕКЕ АЛДЫ ФАКТОРЛАРЫНЫҢ ЭТНОПСИХОЛОГИЯЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ


**М.А.Утепбергенов** – *психология илимлеринин кандидаты, доцент*

*ҚРХБХҚТҳОҚАИ*



**Таянч сўзлар:** оила, омил, никоҳ, никоҳ ёши, танишишнинг вақти ва муддати.

**Ключевые слова:** семья, факторы перед браком, возраст вступления в брак, время и сроки знакомства.

**Key words:** family, factors before marriage, the age of marriage, time of getting acquainted.


Заманагөй шаңарақтың турақлылығының әҳмийетли факторларының бири-бул ерли-зайыплылардың турмыс қурмастан алдыңғы неке алды факторлары болып табылады. Себеби ерли-зайыплылардың ҳәр бириниң турмыс қурыў жасы, жас шаңарақтың өмир тәризин, өз-ара қарым-қатнас стилин, урыс-қағысларының характерин ҳәм некеден қанаатланыўын анықлап береди. Сонлықтан шаңарақ машқалалары бойынша социологиялық, социал-психологиялық изертлеўлердиң дерлик ҳәммесинде шаңарақ алды факторларына айрықша дыққат аўдарады.

Бизиң изертлеўимиздиң нәтийжелери заманагөй қарақалпақ шаңарақлары өзгерип атырғаны, сол өзгерислер бир қанша аспектлер бойынша неке ҳәм шаңарақ қатнасықлары раўажланыўының жәмийетлик тенденцияларына туўры келмейтуғыны ҳаққында гүўалық береди. Алдын айтып өтилгениндей: егер ҳәр түрли елләрде турмыс қурыўдың орташа жасы жасарып атырған болса, қарақалпақлар шаңарағында әсиресе, аўыллық жерлерде келин-күйеўлердиң турмыс қурыў жасы үлкейип атырғаны байқалады.

Н.А.Согиновтың изертлеўлериниң нәтийжелери бойынша (1990), өзбек шаңарақларында келин-күйеўлердиң турмыс қурыўының орташа жасы аўыл жасларында қала жасларына қарағанда жоқарырақ болып аўыл жасларында 23, 38 жас болса, қала жасларында 22,90 жас болды. Келинлерде – 20,90 ҳәм 20,43 жас болады. Ал, қарақалпақлар шаңарағында турмыс қурыў жасы аўыл жигитлеринде – 24,33 жас, ал қала жигитлеринде 23,46 жас. Ал келинлерде 21,03 ҳәм 21,33 жас.

Бизлер сораў-жуўап жүргизген күйеўлердиң арасында 18 жаста үйленгенлер болмады. Аўыл ер адамларының 6,7% ы 18-19 жасында турмыс қурған, бирақ усы жаста турмыс қурған қалалы ер адамлар болмады. 20-21 жасларда турмыс қурған аўыл ер адамлары 10,0 % ы , ал қалалы ер адамлар 31,0 % ды қурайды.

2- кесте

**Изертленген топарларда турмыс қурыўдың улыўма жағдайы**

| № | Турмыс қурыў жасы | Қарақалпақ аўыл шаңарағы ҚАШ | | ҚҚШ | | Өзбек шаңарағы Н.А.Согиновтың мағлыўматлары | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | АЕ | АҲ | ҚЕ | ҚҲ | ӨАШ | | ӨҚШ | |
| | | Күйеў | Келин | Күйеў | Келин | Күйеў | Келин | Күйеў | Келин |
| 1 | 18ден киши | - | - | - | - | - | 5,0 | - | 5,0 |
| 2 | 18-19 жас | 6,7 | 20,1 | - | 3,4 | 7,5 | 17,5 | - | 30,0 |
| 3 | 20-21 жас | 10,0 | 33,3 | 31,0 | 70,0 | 15,0 | 42,5 | 20,0 | 37,5 |
| 4 | 22-24 жас | 46,7 | 33,3 | 43,0 | 13,3 | 45,5 | 32,5 | 67,5 | 25,0 |
| 5 | 25-29 жас | 20,0 | 10,0 | 16,0 | 13,3 | 32,5 | 2,5 | 12,5 | 2,5 |
| 6 | 30 ҳәм оннан жоқары | 16,6 | 3,3 | 10,0 | - | - | - | - | - |
| | Медиан (орта) жас | 24,33 | 21,03 | 23,46 | 21,46 | 23,38 | 20,90 | 22,90 | 20,43 |

*ҚАШ – қарақалпақ аўыл шаңарақлары.

**ҚҚШ- қарақалпақ қала шаңарақлары.

Ер адамлар ушын 22-24 жас ғалаба турмыс қурыў жасы болып есапланады. Бул жаста бизлер сораў-жуўап өткерген аўыл шаңарақларының 46,7% ы, ал қалалы ер адамлардың 43,0% ы турмыс қурған. Ал олар арасында 25-29 жаста турмыс қурғанлар 20,0 %-АЕ, 16 %-ҚЕ болды.

Турмыс қурыў жасы қала ҳәм аўыл ҳаяллары арасында да парықланады. Мысалы: 18-19 жасында турмыс қурған қызлар -20,1% ды, ал қалада 3,4% ды қурайды. Ал 20-21 жас қала қызлары ушын сәтлирек болып, олардың 70,0% ы, аўылда 33,3% ы турмыс қурады екен.

Соңда айтып өтиў орынлы, аўыл ҳәм қала қызларының турмыс қурыў жасы арасындағы парық үлкен. Бул ҳаққында 3-кестениң мағлыўматлары гүўалық береди. Ол жерде «Сизиң ойыңызша қайсы жаста турмыс қурған жақсы?»- деген сораўға қала қызларының 36,7% ы 20-21 жаста турмыс қурғысы келетуғынын билдирсе де, негизинде олардың 70,0% ы турмыс қурады екен.

Бизиң пикиримизше, бул тек ата-ананың үгитлеўи бойынша емес, ал қарақалпақ шаңарағының «қыз алып қашыў» деген турмыс қурыў мотивлерине киретуғын этнопсихологиялық өзгешеликлериниң және бир түри болып табылады. Аўыл ер адамларының 13,3% ы қызлар ушын турмыс қурыў жасы 20 жасқа дейин деп есаплайды. Бундай пикирди 3,3% ы қала ер адамлары қоллап-қуўатлайды. Аўыл ҳаялларының 3,3% ы ҳәм қалалылардың да 3,3% ы қызлар ушын турмыс қурыў жасы 20 жасқа дейин деп есаплайды.

Қызлар ушын 20-21 жас, ал жигитлер ушын 22-24 жас турмыс қурыў ушын ең қызғын ўақыт болып табылады.

3-таблица

**Турмыс қурыў ушын ең қолайлы жас**

**Ер адамлардың жуўабы**

| № | Турмыс қурыў жасы | ҚАШ | | ҚҚШ | | Өзбек шаңарағы Н.А.Согиновтың мағлыўматлары | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | ӨАШ | | ӨҚШ | |
| | | Күйеў | Келин | Күйеў | Келин | Күйеў | Келин | Күйеў | Келин |
| 1 | 18ден киши | - | - | - | - | - | 2,5 | - | 5,9 |
| 2 | 18-19 жас | 3,3 | 13,3 | - | 3,3 | - | 7,5 | 2,5 | 27,5 |
| 3 | 20-21 жас | 23,3 | 63,3 | 6,7 | 36,7 | - | 52,5 | 7,5 | 32,5 |
| 4 | 22-24 жас | 36,7 | 16,7 | 60,0 | 60,0 | 82,5 | 35,0 | 57,5 | 35,0 |
| 5 | 25-29 жас | 33,3 | 6,7 | 20,0 | - | 17,5 | 2,5 | 32,5 | - |
| 6 | 30 ҳәм оннан жоқары | 3,3 | - | 13,3 | - | - | - | - | - |
| | Әҳмийети жоқ | - | - | - | - | - | - | - | - |
| | **Ҳаяллардың жуўаплары** | | | | | | | | |
| 1 | 18ден киши | - | - | - | - | - | - | - | - |
| 2 | 18-19 жас | 6,7 | 3,3 | - | 3,3 | - | 17,5 | - | 37,5 |
| 3 | 20-21 жас | 30,0 | 36,7 | 6,7 | 36,7 | 5,0 | 47,5 | 7,5 | 42,5 |
| 4 | 22-24 жас | 46,7 | 30,0 | 56,7 | 60,0 | 47,5 | 32,5 | 52,5 | 20,0 |
| 5 | 25-29 жас | 13,3 | 30,0 | 23,3 | - | 45,5 | 2,5 | 40,0 | - |
| 6 | 30 ҳәм оннан жоқары | 3,3 | - | 13,3 | - | 2,5 | - | - | - |
| 7 | Әҳмийети жоқ | - | - | - | - | - | - | - | - |

АШ (аўыл шаңарақлары) ның 63,3% ер адамлары, ҚШ (қала шаңарақлары) ның 36,7% ер адамлары қызлар ушын 20-21 жас ең қолайлы жас деп есаплайды. Бул жас ҳаққында аўыл ҳәм қалада ҳаялларының жуўапларында айырмашылық жоқ. Ер адамлардың 60% ы 22-24 жасты ең қолайлы жас десе, аўыл ер адамларының 16,7% ы усы жасты атап көрсеткен.

Биз өткерген тәжирийбелердиң анализиниң нәтийжелери аўыл ҳәм қала жаслары арасында жаслай үйлениў күтилмейди деп айтыў мүмкиншилигин береди. Қарақалпақ шаңарағының басынан кеширип атырған өзине тән болмаған өзгерислери айрықша дыққат-итибарды тартады. Өйткени, ол қарақалпақ шаңарағы ушын жаңа машқалаларды келтирип шығарады. Олар жалғыз баслы адамлардың көбейиўи, некеге дейин жынысый қатнаста болыў ҳәм т.б. Сонлықтан консультативлик ҳәм профилактикалық жумысларды шөлкемлестиргенде қарақалпақ шаңарағының этникалық өзгешеликлери менен қатар оның регионаллық өзгешеликлерин де есапқа алыў тийис.

Шаңарақ қурыў ҳәм оны беккемлеўде, ерли-зайыплылардың өз-ара қарым–қатнасының раўажланыўында некеден бурын танысыўдың шараяты, орны ҳәм қанша даўам етиўи үлкен әҳмийетке ийе. Сонлықтан шаңарақ ҳәм неке машқалаларын үйрениўге бағышланған мийнетлерде шаңарақтың қурылыўына үлкен дыққат аўдарылады. Некеге дейин танысыўдың шараяты, орны ҳәм қанша даўам етиў ҳаққында билиў турмыс қурыўшыларға турмыс қурыўға шешим қабыл етиў қаншелли писик болғаны ҳаққында пикир жүргизиўге мүмкиншилик жаратып береди.

Соны да айтып өтиў зәрүр, танысыў орны өзлигинен ерли – зайыплылардың қарым-қатнасының жақсы болатуғынынан ҳәм шаңарақтың беккем болатуғынынан дерек бере алмайды. Солай болса да, қанаатланыў дәрежеси ҳәр түрли болған бахытлы, турақлы ҳәм айырылысып атырған шаңарақларда танысыў орны, үйлениўге дейин танысыў ўақты ҳәм басқа да нәрселер негизинде тек мағлыўмат бериўши болыўы мүмкин.

Бул пикир туўралы 4-кестеде берилген мағлыўматлар гүўалық бере алады. Кестеден (4) қарақалпақ шаңарағы дүзилгенде, көрсетилген факторлардың жүдә айрықша ҳәм елимиздиң басқа районларында шаңарақ дүзиўдиң усыған усаған факторлары жүдә парықланатуғынын көриўге болады.

4- кесте

**Күйеў ҳәм келинлердиң танысыў орнына қарап жайластырылыўы (%)**

| № | Танысыў орны | М.А.Утепбергеновтың мағлыўматлары | | Н.А.Согиновтың мағлыўматлары | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | ҚАШ | ҚҚШ | ӨАШ | ӨҚШ |
| 1 | Бир-бирин балалықтан таныған | 20,0 | 10,0 | 37,5 | 15,0 |
| 2 | Бирге мектепте оқыған | 23,3 | 15,0 | 2,5 | 10,0 |
| 3 | Бирге жоқары оқыў орнында ҳәм т.б.оқыған | 16,7 | 33,5 | 5,0 | 15,0 |
| 4 | Жумыста танысқан | 10,0 | 3,3 | 10,0 | 5,0 |
| 5 | Дем-алыста | - | - | - | - |
| 6 | Кеўил ашар орынларда | - | - | 2,5 | 2,5 |
| 7 | Үй зыяпатларында | - | - | 5,0 | 2,5 |
| 8 | Көшеде, жәмийетлик транспортта | - | 11,70 | - | - |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 9 | Ата-ана ҳәм ағайин туўғанлар арасында | 6,7 | 6,7 | 30,0 | 27,5 |
| 10 | Жақын дослар ҳәм басқа таныслар арқалы | 23,3 | 19,8 | 5,0 | 22,5 |
| 11 | Басқа орынларда | - | - | - | - |

Өзбек жаслары менен салыстырғанда қарақалпақ жаслары турмыс қурмастан алдын қыз бенен жүрип, жубай таңлаўда азлы- көпли еркинликке ийе.

Егер өзбек шаңарағының дүзилиўинде танысыўдың тийкарғы орынлары «ата-анасы ҳәм ағайин-туўғанлары арқалы танысыў», яғный айттырыў арқалы әмелге асырылса, биз сораў жуўап өткерген адамларда танысыў орны «мектепте оқыў» (аўылдағылар 23,3%) ҳәм «жоқары ҳәм басқа оқыў орынларында оқыў» (қалалылар 33,5%) болған. Ал, келин – күйеўлердиң « ата-ана ҳәм ағайин- туўғанлар арқалы» бизиң сораў-жуўап өткерген аўыл ҳәм қалалыларда бирдей 6,7% болды. Ал өзбек аўыл шаңарақларында 30,0% ды, қалалыларда 27,5% ды қурайды.

Қарақалпақ жасларының өмирлик жолдас таңлаўындағы ғәрезсизлиги өзлери менен қатар өзбек жасларына қарағанда анағурлым жоқары.

Алдын атап өтилгениндей, қаны бир адамлардың бир неше әўладқа дейин ғана турмыс қурыўы қадаған етилген. Орта Азияның басқа халықлары менен салыстырғанда, қарақалпақларда экзогамия неке (баска урыўдан) шексиз болып ҳәм қыздың әкелериниң қаны бир болса, неше әўлад алмасқаны әҳмийетсиз болады. Олардың бир урыўға тийисли болыўы турмыс қурыўына болмайтуғынын аңлатады. «Урыў ҳәм қәўимлерге бөлиниў арқалы байланыслы болған бул әййемги үрп-әдет шаңарақ ҳәм неке қатнасықларын белгилеп бериўши тийкарғы факторлардың бири болды ҳәм халықтың барлық қатламларына жайылып, қарақалпақлардың жәмийетлик ҳәм турмыс тәризиниң негизги белгиси болды.

Қарақалпақ шаңарақларында некениң экзогамлық формасы ҳәзирге дейин сақланған. Сонлықтан ата-анасы араласпай, «жақын дослардың жәрдеминде танысқан» аўыл шаңарақларындағы келин ҳәм күйеўлер 23,0% ды, ал қала шаңарақларында 19,8% ды қурады.

Турмыс қурыў жасын, мотивлерин, танысыў орнын, турмыс қурыўдан бурын ушырасыўлардың жийилигин ҳәм бирге танысып жүриў ўақтында анализлеў бойынша төмендегидей жуўмақларға келиўге болады:

1. Өзбек шаңарағы менен салыстырғанда, қарақалпақ шаңарағы үлкенирек жаста қурылады. Қалалы шаңарақларға, аўылдағы шаңарақларда бул нәрсе анық байқалады. Болажақ қарақалпақ ерли-зайыплылардаң көпшилик бөлеги рус ҳәм өзбек қатарлары менен салыстырғанда бир-бири менен оқыў орнында танысады. Ал, өзбек жасларының дерлик 1/3 и болажақ жубайы менен ата-анасы ҳәм ағайин-туўғанлары арқалы танысады.

2. Қарақалпақ жаслары өзбек қатарларынан турмыс қурыўдан алдын көп қарым-қатнас жасаўы менен, яғный Өзбекистандағы қатар-қурбыларына қарағанда болажақ ерли-зайыплылар сийрек ушырасыўы менен ажыралып турады. Өзбек топарында ҳәр бир екинши адам болажақ жубайы менен ҳәптесине бир мәртебе ушырасады. Ал, қарақалпақ топарында бул жағдай ҳәр бир төртинши шаңарақта байқалады.

3. Турмыс қурыўды қәлейтуғын ўақты менен турмыс қурыў жасы арасында бирталай парқы бар. Турмыс қурыўды қәлейтуғын ўақтынан бурынырақ турмыс қурып кетип атыр. Бул жағдай қызларды олардың қәлеўисиз алып қашыўы арқалы түсиндириледи.


**Әдебиятлар**

1. Кисляков Н.А. Очерки по истории семьи и брака у народов Средней Азии и Казахстана. –Л.: «Наука», 1969.
2. Тогинов Н.А. Социально-психологические особенности удовлетворённости брака в Узбекской семье. Дисс.канд. психол.наук. –Киев: 1990.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ оиласида никоҳдан олдинги даврдаги этнопсихологик омиллар хусусиятлари қаралади. Улар бошқа миллатлар урф-одатлари билан қиёсланади. Никоҳдан олдинги омиллар оиланинг келажагига таъсир қилиши, экзогам ва эндогам никоҳлар зарурлиги кўриб чиқилди. Никоҳгача бўлган даврдаги ёш даражаси, мотивлари, учрашиш даврлари таҳлил этилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются этнопсихологические особенности факторов перед браком каракалпакской семьи в сопоставлении с другими национальностями. Рассматриваются также вопросы влияния факторов перед браком на будущее семьи, важность браков экзогам и эндогам. Анализируются также возраст, мотивы и период встреч до брака.

**SUMMARY**

The article deals with ethno-psychological peculiarities of pre-marriage factors of Karakalpak family in comparison with other nationalities. The author of the article studies the issues of influence of pre-marriage factors on the future family, importance of such types of marriage as ekzogam and endogam. There have been analyzed the age, motives and period of tet-a-tet before the marriage.


# MURAKKAB TOKLI TIZIM MAGNIT MAYDONI INDUKSIYASINI HISOBLASHGA OID METODIK TAVSIYA


**B.Yavidov** – *fizika-matematika fanlari doktori*

**O.Jumaboyeva, A.Abdujamilov, M.Ro'zimova** – *fizika va astronomiya o'qitish metodikasi ta'lim yo'nalishi studentlari*

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagoguka instituti*



**Tayanch so`zlar**: tokli o'tkazgich, magnit maydon, masala yechish metodikasi.

**Ключевые слова**: проводник с током, магнитное поле, методика решения задач.

**Key words**: conductor with a current, magnetic field, methods of solving problems.


Magnit hodisalar bilan o'quvchilar o'rta-maktab hamda akademik litsey va kasb-hunar kollej fizikasi mashg'ulotlarida tanishadilar. Magnit maydonini keltirib chiqaruvchi manba doimiy magnitlar va elektr toki yoki harakatlanuvchi zaryadlangan zarralar ekanligi, elektr toki hosil qilgan magnit maydon induksiyasi Bio-Savar-Laplas formulasi orqali hisoblanishi o'rgatiladi. Pedagogika oliy ta'lim o'quv yurtlarida esa fizika va astronomiya o'qitish metodikasi yo'nalishi bo'yicha ta'lim olayotgan studentlarga magnetizm hodisalari "Umumiy fizka kursi"ning "Elektr va magnetizm" bo'limida o'qitiladi. Kursning maqsadi studentlarga nazariy mashg'ulotlarda magnit hodisalar haqida fundamental bilim beribgina qolmay, olgan bilimlarini amaliy mashg'ulotlarda masalalarni yechishda qo'llab bilishni hamda tajriba mashg'ulotlarida magnit miqdoriy kattaliklarni o'lchashni o'rgatishdir. Kursning asosiy maqsadlaridan biri bu – studentlarda masala yechish qobiliyati (kompetensiyasi) ni shakllantirish hisoblanadi. Bunda oddiylikdan murakkablik sari tamoyil negizida ish olib borish samarali metod ekanligi ko'pchilik tomonidan tan olingan. Masalan, Bio-Savar-Laplas formulasi

$$d\vec{B} = \frac{\mu\mu_0}{4\pi}\frac{I\left[d\vec{l}\times\vec{r}\right]}{r^3} \qquad (0.1)$$

SI o'lchov birliklar tizimida $Id\vec{l}$ tok elementi o'zidan $\vec{r}$ - radius-vektor bilan berilgan nuqtada qanday induksiya $d\vec{B}$ ni hosil qilishini tavsiflaydi. (1.1) da $\mu$ $(\mu_0 = 4\pi\cdot10^{-7}\,H/m)$ - muhit (vakuum) ning magnit singdiruvchanligi. (1.1) formulani qo'llab cheksiz to'g'ri tokning o'tkazgichdan $R$ masofada hosil qilgan induksiyasi

$$B = \frac{\mu\mu_0 I}{2\pi R}, \qquad (0.2)$$